

GADE, POZE KESYON, FÈ!



Lakou
Kajou

InnovEd
UniQ Institut Supérieur
de Formation

BLUE BUTTERFLY
COLLABORATIVE

KI JAN POU OU UTILIZE KAT SA YO

Pake sa gen ladan li senk epizòd **Lakou Kajou**. An plis, li gen yon kat pou chak epizòd ki bay konsèy sou jan pou nou gade **Lakou Kajou** ! Gen sijesyon pou aktivite ou ka itilize pou angaje elèv yo epi ede yo aprann plis nan videyo yo. Pake a gen ladan li tout mo ki parèt nan senk epizòd **Lakou Kajou** yo. Epi li gen yon lis liv ki gen rapò ak tèms ki nan epizòd sa yo.

Chak epizòd nan **Lakou Kajou** baze sou yon sèl tèms.

An nou konsantre sou senk epizòd sa yo:

Egzèsis • Patrimwàn • Transpò • Dlo • Zouti

Epizòd sa yo bay leson nan lekti, aritmetik, konpetans pèsònèl, ak yon seri de lòt objektif kourikoulòm.

Nou espere zouti sa yo ap itil nan aprantisaj elèv yo e ke ou menm ak elèv ou yo ap renmen **Lakou Kajou** !

Mwen se Zandolin, yon pèsònaj nan yon pwogram televizyon pou timoun. Avèk zanmi mwen yo, Tilou ak Lili, mwen ede timoun yo aprann.



EPIZÒD: ZOUTI

MO JODI A : ZOUTI

REZIME EPIZÒD LA



Lili ak Tilou ap monte kap.



Karin ap panse sou ki sa li ta renmen fè
lè li vin gran.



Papa Manno fè li kado yon lapen.

POZE ELÈV OU KESYON

1. Ki sa ki te pase nan Lakou Kajou jodi a?
2. Ki sa ou te pi renmen ? Pou ki sa ?
3. Èske Lili ak Tilou te aprann yon bagay jodi a?

FÈ AKTIVITE AK ELÈV OU YO

1. **MONTRE EPI DI.** Mande timoun yo si paran yo ta ka prete yo yon zouti (ki pa ka blese yo) pou yo pote nan gwoup la/nan lekòl la.

2. **PALE SOU ZOUTI.** Mande timoun yo pale ansanm sou diferan zouti yo. Eske gen zouti ki sèvi pou divès kalte sèvis ?

3. **ZOUTI.** Mande timoun yo desinen zouti ki itil nan chak metye oswa pwofesyon : agrikilti, ebenis, kizinyè, dantis, lajistis, biznis, lekòl, eks...

4. **ZOUTI CHAK JOU.** Mande timoun yo fè yon lis zouti yo te sèvi nan jounen an (pa egzanp: bwòs dan, kreyon, tas, vè, kiyè, sak, règ, gòm, liv, otobis, moto).

